

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Nilik kana hasil panalungtikan ngeunaan ajén falsafah dina upacara *Nyancarkeun Jalan* di Dusun Linggaharja Désa Mekarsai Kecamatan Tambaksari Kabupatén Ciamis pikeun bahan pangajaran maca di SMA kelas XII, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap:

- 1) Upacara tradisi *Nyancarkeun Jalan* mangrupa salasahiji kabudayaan nu hirup di wewengkon Kabupatén Ciamis perenahna di Dusun Linggaharja Désa Mekarsari Kecamatan Tambaksari. Ieu upacara rutin dilaksanakeun unggal taun, nya éta dina antara tanggal 12 Sapar nepi ka 12 Mulud. *Nyancarkeun Jalan* teu leupas tina unsur-unsur ritual anu ngandung ma'na réligius salaku tulak balai, ménta kasalametan sangkan dijauhkeun tina bancang pakéwuh, jeung ungkapan rasa sukur ka Pangéran. Upacara *Nyancarkeun Jalan* diluahan ku sakabéh masarakat Dusun Linggaharja.
- 2) Saluyu jeung kamekaran jaman, upacara *Nyancarkeun Jalan* ngalaman parobahan pungsi. Upacara *Nyancarkeun Jalan* miboga pungsi pikeun nyuguh ka para karuhun anu saméméhna geus aya perjanjian lamun teu dibéré tiheula bakal ngagoda sarta ngaberesihan jalan anu dianggap jadi liliwatan para karuhunna (upacara tulak balai). Dina jaman kiwari upacara *Nyancarkeun Jalan* miboga pungsi pikeun wadah silaturahmi antar wargana sarta sarana hiburan. Ku cara tetep nyekel pageuh kana adat tradisi anu geus diturunkeun ku para sesepuhna.
- 3) Dina upacara *Nyancarkeun Jalan* aya sababaraha tahap anu dilaksanakeun, nya éta tahap tatahar upacara, prak-prakan upacara, jeung pasca upacara. Dina tahap tatahar aya kagiatan anu dilaksanakeun nya éta ngaberesihan jalan, masangkeun umbul-umbul sapanjang jalan, masangkeun rawey, nyieun palang awi, nyieun dongdang, jeung nyiapkeun sasajén. Saterusna dina kagiatan prakna upacara aya sababaraha kagiatan saperti leumpang bareng ka

tempat ikrar, sarta kagiatan inti dina prakna nya éta ikrar atawa du'a anu dipingpin ku punduh. Sarta kagiatan pasca upacara nya éta dahar bareng jeung hiburan rupa-rupa kasenian. Dina upacara *Nyacarkeun Jalan* aya aturan-aturan anu teu meunang dirobah, boh ditambahan boh dikurangan. Saperti waktu ngalaksanakeun upacara, tempat ngalaksanakeun upacara nya éta diunggal wates lembur jeung pakakas-pakakas anu dipaké nya éta sasajén jeung barang panglengkepna. Lian ti éta dina upacara *Nyacarkeun Jalan* aya amanat-amanat anu ditepikeun ngaliwatan simbol-simbol pikeun jadi papagon hirup. Éta simbol-simbol téh nyampak dina sagala hal anu patali jeung gelarna upacara saperti pakakas upacara, prak-prakan upacara sarta tempat upacara.

- 4) Ajén falsafah anu nyampak dina upacara *Nyacarkeun Jalan* kabagi jadi opat. Aya ajén falsafah nu nyampak dina sasajén, papakas panglengkep upacara, prak-prakan upacara, jeung rumpaka nu dipaké dina upacara. Sasajén mangrupa pakakas anu wajib aya dina upacara *Nyacarkeun Jalan*, eusina mangrupa kaolahan hasil bumi nu ngagambarkeun karaharjaan masarakat Linggaharja. Ajén falsafah dina sasajén kapanggih aya tilu welas rupa nya éta endog hayam kampung, kupat tangtang angin, kupat salamet, cara beureum jeung cara bodas, bubur beureum jeung bubur bodas, congcoot, cai kopi amis jeung pait, cai hérang, rujak cau, rujak tawulu, rujak asem, seupaheun, jeung sarandu atawa surutu. Ajén falsafah nu nyampak dina pakakas panglengkep upacara kapanggih aya salapan nya éta sawén, ancog, umpet, sapu nyéré jeung bedog, dongdang, bakakak hayam, tumpeng sangu konéng, rupa-rupa kaolahan, rupa-rupa bungbuahan jeung sayuran. Ajén falsafah nu kapanggih dina prak-prakan upacara aya sapuluh rupa diantaranya, nyeungeut menyan dina parukuyan nu miboga ajén falsafah nya éta salaku média anu ngahubungkeun antara alam manusa (dunya tengah) jeung alam Pangéran, déwa, karuhun jeung lelembutan (dunya luhur). Ikrar anu dipingpin ku punduh salaku du'a ka Nu Kawasa, sangkan kahirupan masarakat Dusun Linggaharja hususna, jeung sabudeureun wilayah Tambaksari umumna ditangtayungan tina sagala bancang pakewuh tur salawasna aya dina

karahayuan. Saterusna ajén falsafah nu nyampak dina rumpaka kawih anu dipaké aya opat nya éta rumpaka kidung panraja, panyinglar, ikrar, jeung dahar bareng. Rélevansi upacara *Nyacarkeun Jalan* pikeun kahirupan masarakat Dusun Linggaharja dina jaman kiwari ngawengku tilu aspék, nya éta: aspék réligi/ kapercayaan, sosial, seni budaya.

- 5) Tina hasil ieu panalungtikan, ajén falsafah dina upacara *Nyacarkeun Jalan* di Dusun Linggaharja bisa dijadikeun bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA kelas XII. Ku sabab upacara *Nyacarkeun Jalan* di Dusun Linggaharja mangrupa salahsahiji kabudayaan nu aya di Tatar Sunda nu kudu dipikanyaho ku masarakat Sunda umumna sarta ku siswa SMA hususna sarta saluyu jeung SKKD Standar Kompetensi maca di SMA/ SMK/ MA pelajaran Bahasa jeung Sastra Sunda kelas XII nya éta nomber 12.3 jeung asup kana poin anu aya dina SKKD pelajaran basa Sunda nya éta maca artikel budaya. Hasil henteuna éta bahan gumantung kana kaparigelan guru dina ngajarkeun sarta gumantung kana kamapuh siswana dina narima pangajaran anu ditepikeun ku guru.

5.2 Saran

Dumasar hasil tina ieu panalungtikan, upacara *Nyacarkeun Jalan* di Dusun Linggaharja karasa pisan mangpaatna pikeun nu nyusun. Ku kituna, panalungtik miharep hasil tina ieu panalungtikan téh bisa ngeuyeuban tradisi kabudayaan titinggal karuhun di Tatar Sunda hususna upacara tradisi sarta bisa nambahan pangaweruh dina wangun bahan pangajaran nu ditepikeun di SMA/ SMK/ MA kelas XII.

Sangkan leuwih mangpaat ieu hasil panalungtikan upacara *Nyacarkeun Jalan*, nu nyusun nyarankeun ka pihak lembaga, pihak sakola, pihak guru, pihak siswa, jeung masarakat sangkan terus ngamumulé kabudayaanana.

- 1) Pihak lembaga pendidikan

Ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun hiji alternatif pikeun bahan ajar. Sabab di jerona ngandung ajén-ajén pendidikan hususna ajén budaya jeung simbol-simbol anu kudu diteleban.

2) Pihak guru

Salaku guru, kudu bisa nyaritakeun ka siswa, sangkan siswa mikawanoh leuwih jauh kana éta budaya.

3) Pihak siswa

Siswa kudu wanoh, weruh sarta miara pakakas kabudayaan anu aya di masarakat nu aya patula-patalina jeung kabudayaan.

4) Pihak masarakat

Ieu upacara *Nyacarkeun Jalan* bisa dijadikeun wadah pikeun leuwih ngaraketkeun deui tali duduluran hususna masarakat Dusun Linggaharja. Sabab ieu upacara tradisi téh miboga hal-hal anu positif saperti ayana gotong royong. Sarta saupama lamun diteuleuman deui mah, loba pisan ma'na-ma'na tina simbol-simbol upacara *Nyacarkeun Jalan* nu sipatna piwuruk sangkan jalma terus inget ka Pangéran.